# OMAR SHAYÍR SHÍǴARMALARÍNDA QOLLANÍLǴAN TOPONIMLERDÍŃ QURÍLÍSÍNA QARAY TÚRLERI

**Abishov Genjebay Matjanovich**
*QMU, PhD, doc.*

**Amaniyazova Sayora Bayniyaz qızı**
*QMU, 1-kurs magistrantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079208

***Annotaciya.*** *Bul maqalada XIX ásir ádebiyatına úles qosqan Omar Súyirbek ulınıń shıǵarmalarında qollanılǵan toponimlerdiń dúzilisine qaray túrleri úyrenilgen. Olar quramı boyınsha jay hám qospa toponimlerge ajıratıp qarastırılǵan. Jay toponimler affiksli hám affikssiz túrlerge, qospa toponimlerdiń dúzilisi boyınsha sóz shaqaplarına qatnası shayır qosıqları mısalında analizlengen.*

***Tayanısh sózler:*** *toponimlerdiń qurılısı, jay (affiksli hám affikssiz) toponimler, qospa toponimler, qospa toponimlerdiń sóz shaqabına qatnası.*

XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basında qaraqalpaq ádebiyatına óziniń dóretiwshiligi menen úles qosqan shayırlardıń biri Omar Súyirbek ulı bolıp tabıladı. Onıń dóretiwshiligi waqıyalardı súwretlew sheberligi menen ózgeshelenip turadı. Shayır shıǵarmalarında jer-suw atamaları jiyi ushırasadı. Onıń dóretpelerindegi toponimlerdi úyreniw arqalı belgili bir orın haqqında bahalı maǵlıwmatqa iye bolamız. Bul jaǵday izertlewdiń áhmiyetli ekenligin kórsetedi.

Túrkiy tillerdegi toponimlerdiń grammatikalıq dúzilisine baylanıslı túrleri birqansha onomastikalıq izertlewlerde keltirilgen. Máselen, agglyutinativ tillerge, sonıń ishinde túrkiy tillerdegi toponimlerdi dúzilisine qaray birinshilerden izertlegen G.E.Karnilov olardı 1) tek geografiyalıq terminlerden ibarat toponimler; 2) atributiv sintagmadan ibarat toponimler; 3) ellipsis atlar dep bólip qaraǵan bolsa [3.123], G.I.Donidze barlıq túrkiy toponimlerdi dúzilisi boyınsha bir sózden (affiksli hám affikssiz atlar) hám kóp sózden turatuǵın toponimlerge ajıratadı [1.123].

Xorezm toponimlerin Z.Dusimov morfologiyalıq strukturası boyınsha 1) apellyativ atlar; 2) formantlı atlar; 3) indikatorlı atlarǵa bólip qaraǵan bolsa, jasalıw modeli boyınsha jay hám qospa toponimlerge ajıratqan [2.45-58].

Omar dóretpelerinde tuwılǵan jer tábiyatın súwretlewde, jasap ótken jerindegi orınlardı atap kórsetiwde toponimlerdi jiyi qollanǵan. Olardı quramı boyınsha úyrenip qaraǵanımızda, túbir formalı, affiksli hám qospa sóz túrinde ushırasadı. Sonlıqtan, olardı dúzilisine qaray jay hám qospa toponimlerge bólip qarawǵa boladı.

1. Jay toponimler. Bunday toponimlerdiń quramı bir leksikalıq birlikten ibarat boladı. Shayır shıǵarmalarında bunday toponimler ıqshamlıǵı, qollanılıwı, waqıyaǵa

hám qosıq uyqaslıǵına qarap orınlı qollanılǵan. Onıń qosıqlarında jay toponimler qospa toponimlerge salıstırǵanda az ushırasadı. Biz jay toponimlerdiń ózin affikssiz hám affiksli toponimlerge bólip qarawdı maqul kórdik.

a) Affikssiz toponimler. Heshqanday sóz jasawshı qosımta kórsetkishine iye bolmaǵan sap toponimler shayır qosıqlarında ushırasadı. Oǵan mısal retinde tómendegi qosıq qatarların alıp qarayıq:

*Jaylawım Jańasuw, qıslawım* ***Samay****,*
*Eki ortadan kóshti bir adam qalmay [6.96].*

***Qarashadan*** *uslap mindim tay ǵana,*
*Bunnan kóship barǵan jerim Bayǵara [6.96].*

b) Affiksli toponimler. Toponimler quramında *-lı//-li, -lıq//-lik, -shılıq//-shilik, -ma, -qor, -i, -laq, -zar* affiksleri qatnasadı. Bulardan Omar shayır dóretpelerinde *–lı//-li* affiksleri toponimler quramında ushırasadı. Bul affiksler belgili bir zattıń sol jerde kópligin bildirip kelgen. Z.Dusimov insan xızmeti hám kásipke qatnaslı sózlerdiń toponimge ótiwge beyim ekenligin esapqa alıp, -*shı, -lar,* -*lı* affikslerin toponimikalıq formant (topoformant) dep keltiredi [2.44]. Biraq bul qosımtalar jalǵanǵan orın atların barlıq waqıt affiksaciya usılı menen jasalǵan toponimler dep qarawǵa bolmaydı. Máselen,

***«Soralıdur»*** *belli ortań,*
*Qayda ketti shabaq-tortań [6.99].*

***«Qabaqlıda»*** *qaldı neshshe shayıǵım,*
*Xosh amanda bizden qaldıń, Jańasuw [6.98].*

Berilgen mısalda *«sora»* hám *«qabaq»* sózlerinen ekinshi bir dórendi *soralı, qabaqlı* leksemaları payda bolǵan hám bul leksemanıń toponimge aylanıwǵa shekemgi forması dep qaraladı.

2. Qospa toponimler. Eki yamasa birneshe sózlerdiń birigip hám dizbeklesip keliwinen qospa toponimler jasaladı. Qospa toponimler shayır shıǵarmalarında ónimli ushırasadı. Olardıń quramın sóz shaqabına qatnası boyınsha tómendegi strukturada bólip qaraymız:

«Atlıq+atlıq» tipindegi toponimler. Eki atlıq sózden quralǵan toponimler jalǵawlı yaki jalǵawsız formada keledi. Bunday qospa toponimlerdiń birinshi komponenti antroponim, etnonim, fitonim, zoonim, jerdiń releftin bildiriwshi sózler bolıp keledi. Máselen,

*Bunnan bardıq kóp jigit bop* ***Bektawǵa****,*

*Jigitlerdiń bası boldı kóp ǵawǵa [6.85].*

*Duzım tartsa, buǵan ne ilaj etermen,*
*Kóship keldik* ***Atabaydıń kóline*** *[6.97].*

Keltirilgen birinshi mısalda antroponimikalıq kórsetkish+indikator formalı kelip, birikken qospa toponimdi payda etken. Bul *Bek+taw* toponiminiń komponentleri heshqanday grammatikalıq kórsetkishlersiz baylanısqan. Ekinshi mısaldaǵı toponim atroponim+indikatorlı bolıp kelip, qurama toponimdi payda etken. Mısaldaǵı *Atabay+dıń kól+i* qospa toponiminiń birinshi komponenti atlıqtıń iyelik sepligin, ekinshi komponenti III bet tartım affiksin qabıl etip, úylesiw usılında baylanısqan.

«Kelbetlik+atlıq» tipindegi toponimler. Jer-suw atamaları quramında kelbetlik sózler kelip, olar sol obyekttiń reń, maza-dám, kólem hám sapalıq belgilerin ańlatadı. Shayır shıǵarmalarındaǵı qospa toponimlerdiń quramında sapalıq kelbetlikler qatnasqan. Máselen,

*Qıdırıp barsam* ***Qaraqumnıń*** *eline,*
*Ájayıp bir maqsımları bar eken [6.31].*

*Bul sózime qulaq salsań aǵalar,*
*Bayanlayın* ***Jańasuwdıń*** *táripin [6.94].*

*Qaraqum* toponiminiń mánisi haqqında onomastikalıq miynetlerde birqansha pikirler aytılǵan. Máselen, E.Qoyshıbaev *qara* lekseması *aq* sózi sıyaqlı reńdi bildiriw menen birge, toponimler quramında «jer» mánisin de ańlatatuǵının, sol sebepli Qazaqstandaǵı *Qaraqum* toponiminiń mánisi «qumlı jer» dep túsiniw kerekligin aytıp ótken [4.155]. H.Hasanov *Qaraqum* «jerge jabısqan, kóshpes qum» dep keltirse [7.28-70], S.Qoraev *qaraqum* «kópsheytuǵın, jerge bekkem ornalasıp jatırǵan hám ústine ósimlikler ósken qumlıq» dep túsindiredi [5.180].

«Sanlıq+atlıq» tipindegi toponimler. Sanlıqlar atlıq sózdiń san belgisin, muǵdarın bildirip keledi. Sanǵa baylanıslı toponimler shayır shıǵarmalarında ushırasadı:

*Arjaǵıń* ***Tórtkúl,*** *berjaǵıń Shımbay,*
*Onda sendey peri joqdur, Aybiyke [6.80].*

*Bunnan bardıq «****Qosarna****»,*
*Ǵarǵıs alǵan kóp jasar ma [6.83].*

*Tórt+kól* qospa toponimi sanaq sanlıqtıń indikatorlı keliwinen jasalǵan. Al *Qos+arna* qospa toponimi san mánisindegi numerativ sóz benen indikatordıń dizbeklesiwinen payda bolǵan.

«Atlıq+feyil» tipindegi toponimler. Bunday qospa toponimlerdiń tiykarı predikativlik qatnasta dúziledi. Aldın belgili bir waqıyaǵı qatnaslı aytılǵan gáp waqıt ótiwi menen nominativlik funkciyanı atqarıp, toponimdi payda etedi. Máselen,

*Kún batarın **«Qoshqarsoyǵan»** der edi,*
*Xosh amanda bizden qaldıń, Jańasuw [6.95].*

*Qoshqarsoyǵan* qospa toponimi aldın bir waqıyaǵa baylanıslı aytılǵan gáp bolıp, waqıt ótiwi menen jerdiń atamasın bildiretuǵın toponimge aylanǵan.

Solay etip, Omar shayır shıǵarmalarında toponimler belgili orındı iyeleydi. Olardıń dúzilisi hár túrli formada kelgenligin kóremiz. Olardı úyreniw basqa shayırlardıń shıǵarmalarında ushırasatuǵın toponimlerdiń quramın anıqlaw imkanın beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Донидзе Г.И. О грамматической характеристике тюркских топонимов // Ономастика Поволжья. – Горкий, 1971.
2. Дўсимов З. Хоразм топонимлари. –Тошкент: «Фан», 1985.
3. Карнилов Г.Е. О типах топонимов в агглютинативных языках // Вопросы языкознания, 1967.
4. Қойшыбаев Е. Қазақстанның жер-су аттары сөдігі. – Алматы: «Мектеп», 1985.
5. Қораев С. Географик номлар маъноси. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 1978.
6. Омар шайыр. Айырша. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
7. Ҳасанов Ҳ. Ўрта Осиё жой номлари тарихидан. – Тошкент: «Фан», 1965.